

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPozISYON POU DIMINYE KONTRIBISYON NAN KANPAY AK APLIKE FINANSMAN PIBLIK ENKLI NAN BIDJÈ EKZEKITIF 2019**

*Refòm global konbat enfliyans gwo lajan nan politik ak ankouraje vwa tout Nouyòkè*

*Videyo kote Gouvènè a ap anonse pwopozisyon sa a disponib [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse pwopozisyon pou diminye limit kontribisyon kanpay epi aplike finansman piblik nan eleksyon enkli nan bidjè ekzekitif 2019 lan. Refòm global sa yo sou finansman kanpay pral konbat enfliyans san parèy gwo lajan gen nan politik epi ankouraje vwa tout Nouyòkè. Videyo Gouvènè a k ap anonse pwopozisyon sa a disponib sou YouTube [la a](#) epi li nan kalite fòma Televizyon (h.264, mp4) [la a](#).

“Pandan twò lontan, antrepriz ki rich ak en pou san moun ki pi rich yo enfliyanse eleksyon nou yo epi nwaye vwa Nouyòkè òdinè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kounye a se moman pou aplike refòm finansman kanpay ki reyèl nan New York. An nou remanye sistèm finansman kanpay nou an lè nou ankouraje kandida yo pou konsantre sou ti donatè, pa sou gwo konpayi, epi diminye limit kontribisyon epi retounen plis pouvwa nan men Nouyòkè definitivman.”

**Redwi limit kontribisyon kanpay yo**

Gouvènè Cuomo ap pwopoze diminye limit kontribisyon pou tout kandida yo. Lè li aplike refòm sa yo, epi kreye yon sistèm finansman piblik ki solid, New York pral dramatikman redwi enfliyans lajan nan politik epi retounen nan sans yon gouvènman atravè pèp la epi pou pèp la. Pwopozisyon an ta pral modifye limit kontribisyon pou kandida ki pap patisipe nan sistèm finansman piblik la, nan fason k ap swiv la a:

- Kandida onivo eta a ta pral gen yon limit kontribisyon ki a 25,000 dola, oubyen 10,000 dola nan eleksyon primè epi 15,000 dola nan eleksyon jeneral. Aktyèlman, kandida onivo eta gen yon limit kontribisyon ki a 44,000 dola pou eleksyon jeneral. Pou eleksyon primè, limit la egal a nimewo total elektè ki enskri nan pati kandida a, sa ekskli elektè ki inaktif, multipliyè pa 0.005 dola, ki totalize jiska 21,100 dola, men omwen 7,000 dola.
- Kandida pou Sena Eta a ta pral gen yon limit kontribisyon ki a 10,000 dola, oubyen 5,000 dola chak fwa nan kad eleksyon primè ak jeneral. Aktyèlman, kandida Sena Eta a gen yon limit kontribisyon ki a 18,000 dola, oubyen 7,000 dola pou eleksyon primè ak 11,000 dola pou eleksyon jeneral.

- Kandida Asanble Eta a ta pral gen yon limit kontribisyon ki a 6,000 dola, oubyen 3,000 dola chak fwa pandan eleksyon primè ak jeneral. Aktyèlman, kandida Asanble Eta a gen yon limit kontribisyon ki a 8,800 dola, oubyen 4,400 dola chak fwa pou eleksyon primè ak jeneral.

### **Finansman piblik pou eleksyon yo**

Nan sistèm finansman kanpay nan New York, pa gen aktyèlman pyès ankourajman pou kandida konsantre sou donatè òdinè. Gwo donatè bay gwo donasyon, ki minimize vwa moun òdinè. Finansman piblik pou kanpay se remèd pou pwoblèm sa a. Lè yo etabli yon pwopòsyon 6:1 pou koresponn a finansman piblik pou ti donasyon, kandida pral gen ankourajman pou konsantre sou ti donatè yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)